



# Dwa pou Enfòmasyon Sante Rete Sekrè

## Dwa ou yo

### Ou gen dwa pou:

- Jwenn yon kopi dosye papye oswa dosye elektwonik ou an
- Korije dosye papye oswa dosye elektwonik ou an
- Mande kominikasyon konfidansyèl
- Mande nou pou limite enfòmasyon nou bay lòt moun
- Jwenn yon lis tout moun nou te bay enfòmasyon yo
- Jwenn yon kopi avi sou pwoteksyon enfòmasyon prive sa a
- Chwazi yon moun pou aji pou ou
- Depoze yon plent si ou panse yo pa t respekte dwa pou yo kenbe enfòmasyon prive ou yo sekre

## Chwa ou kapab fè yo

### Ou kapab fè sèten chwa nan fason nou itilize ak nou pataje enfòmasyon yo, lè nou:

- Esplike fanmi ak zanmi ou ki pwoblèm sante ou genyen
- Bay sèvis entèvansyon apre yon dezaz
- Mete non ou nan yon rejis lopital
- Ba ou swen sante mantal
- Komèsyalize sèvis nou yo
- Kolekte lajan

## Jan nou itilize ak Devwale Enfòmasyon ou yo

### Nou gendwa itilize epi pataje enfòmasyon ou yo lè nou:

- Ba ou swen
- Jere òganizasyon nou an
- Faktire pou sèvs ou resevwa yo
- Ede avèk pwoblèm sante ak sekirite piblik
- Fè rechèch
- Respekte lalwa
- Reponn demann don ògann ak tisi
- Travay ak yon medsen lejis oswa yon direktè ponp finèb
- Travay sou demann pou konpansasyon travayè, demann lapolis prezante oswa nenpòt lòt demann leta prezante
- Reponn lè gen pwosè ak lòt pouwit devan lajistis
- Pase kontra ak asosye komèsyal

---

Dwa pou Enfòmasyon Sante ou Rete Sekrè (Your Health Information Privacy Rights) disponib tou nan lang Angle, Chinwa, Kreyòl Ayisyen, Panyòl ak Ris sou sitwèb nou an nan [tuftsmedicalcenter.org/rights](https://tuftsmedicalcenter.org/rights). Si ou bezwen plis enfòmasyon konsènan dwa pou yo kenbe enfòmasyon prive sekre, ou kapab kontakte Depatman Pwoteksyon Enfòmasyon Prive nan 617-636-1203 oswa voye yon imèl bay [hipaaquestions@tuftsmedicalcenter.org](mailto:hipaaquestions@tuftsmedicalcenter.org). Ou kapab kominike yon fason ki konfidansyèl ak san ou pa bezwen bay idantite ou nan nimewo gratis HIPAA Hotline nan 844-550-0008.